

## **NGAROPEA DEUI BACAEUN BARUDAK**

Upama urang merhatikeun buku-buku bacaan Sunda nu dipedalkeun sarta dipindo citak dina Lalayang Girimukti I ngeunaan Daftar Buku Sunda Taun 2001 yasana HW Setiawan, teu aya buku bacaan anu diancokeun kanggo pikeun bacaean barudak. Duka naon marga lantaranana mah. Ngan anu jelas mah eta buku-buku bacaean barudak teh penting pisan enggonging ngadeudeul pangajaran basa jeung sastra Sunda di sakola.

Penerbit anu kungsi medalkeun buku-buku bacaean barudak, upamana wae Pustaka Jaya, Rahmat Cijulang, Medal Agung, Geger Sunten, Tarate, Remaja Karya, Mangle Panglipur, sareng pamedal sejenna anu kiwari mah langka nerbitkeun atawa mindo citak deui.

Kiwari carita bacaean barudak anu kawilang haneut keneh teh sok aya dimuat dina majalah MANGLE, boh nu ditulis ku barudak jeung rumaja boh ku pangarang anu parantos maneuh. Kitu oge dina media massa Sunda sejenna, skapeung mah sok aya carita bacaean barudak teh, saperti dina GALURA, KUJANG, atawa dina GIWANGKARA.

Malahan mah bulan Pebruari kamari, majalah MANGLE ngaleler hadiah ka para pangarang anu jadi pinunjul sayembara ngarang keur barudak dina MANGLE ALIT jeung MANGLE RUMAJA dina raraga ngareuah-reuah milangkala MANGLE anu ka-44 taun.

Dima taun 2001 LBSS oge ngaleler hadiah ka pangarang barudak tingkat sakola dasar jeung rumaja tingkat sakola menengah. Eta dua kagiatan di luhur teh mangrupa tarekah enggonging ngaronjatkeun jeung ngeuyeuban kana bahan bacaan anu dina basa Sunda.

Upama dibandingkeun jeung basa daerah sejenna, bahan bacaan anu ditulis dina basa daerah teh masih keneh leuwih rea nu ditulis dina basa Sunda. Nya kitu deui perkara sareng surat kabar jeung majalah anu diserat dina basa daerah, teu acan karuhan di daerah sejen mah aya jeung rempeg saperti anu ditulis dina basa Sunda. Kantenan ku ayana dina ngabagi-bagi hadiah ka para pangarang pinunjul nu didugikeun ku sawatara pihak anu haat kana kamekaran basa jeung sastra Sunda boh nu sipatna individual boh sacara lembaga, matak jadi panyirikan urang daerah sejen bae, lantaran teu ngahagalkeun saperti di urang.

Ayana panalingaan anu daria ti sawatara pihak, saperti redaksi surat kabar, tabloid, majalah, jeung para pamedal buku bacaean barudak dipiharep baris ngaronjatkeun karep jeung pangaresepna kana maca.

Sacara normative, hal ieu luyu jeung tujuan pangajaran kaparigelan basa nu aya dina GBPP Basa Sunda 1994, di antarana “siswa mampuh narima informasi ngeunaan rupa-rupa hal sacara lisan jeung tinulis tina rupi-rupi sumber; siswa mampuh ngebrehkeun gagasan, pamanggih, jeung pangalamanana sacara lisan jeung tinulis.

Husus dina kamaheran maca, di antarana wae miharep sangkan siswa mampuh maham eusi bacaan tina rupa-rupa wangun tulisan; jeung siswa meunang mangpaat jeung kasugemaan batin tina hasil maca karya sastra”.

Eta tujuan pangajaran kamaheran maca di luhur teh moal bisa kahontal saupama henteu dideudeul ku sarana bahan bacaan. Nya di antarana ku dipedalkeunana buku-buku bacaan pikeun barudak. Ku kendorna kamekaran buku bahan bacaan pikeun barudak, tangtu jadi bahan emutaneun urang sadayana. Naha tos dianggap cekap ku pedalan buku anu geus aya jeung teu perlu deui dipindo cetak? Atawa teu kaemut ku para pangarang pedah karep maca barudakna oge handap? Ngan anu jelas mah eta buku-buku bacaean barudak nu geus langka teh perlu dieuyeuban pikeun ngajembaran bahan pangajaran basa jeung sastra Sunda di sakola. Utamana di sakola dasar.

Teu saeutik guru pangajaran basa Sunda anu ngangluh lantaran di perpustakaan sakolana teu nyampak buku-buku bacaean barudak. Ieu teh lain ukur kaalaman ku guru anu ngawarulang di daerah anu jauh ti kota, dalam guru anu ngawulang di kota oge ngalaman masalah anu sarua

Masih keneh aya onjoyna pangajaran basa Sunda di kota mah. Sabab murid teh rata-rata ngabarogaan buku teks sewang-sewangan. Ari di padesaan nu jauh di kota, tong boro muridna, guruna ku anjeun oge teu langka anu mibanda buku anu dijadikeun babon dina pangajaran basa Sunda. Saperti anu karandapan ku para guru SD anu ngawarulang di Kacamatan Cibedug Gunung Halu Kabupaten Bandung. Estuning...

Naon atuh tarekah urang sangkan sawatara bangbaluh dina kagiatan diajar-ngajar basa Sunda di sakola teh bisa kaungkulon. Sarta teu mung ukur janten wacana publik, tapi kudu jeung prakna ngeprak wadia balad anu rohaka raga katineungna

kana basa katut sastra Sunda. Rupa-rupa tarekahna mah, naha ku cara nepungan ka sakola, teras ningali perpustakaanana, maluruh buku naon wae anu aya pikeun ngarojong pangajaran basa Sunda, jeung aya henteu GBPP-na. Margi kiwari dunya atikan geus waktuna narima pangdeudeul ti unggal pihak jeung masarakat umum sejaenna, teu kawatesanan mung dikokolakeun ku lembaga atikan wungkul. Prung ... ah.

Patalina sareng bahan bacaeun barudak sakola dasar, tangtuna oge jadi emutaneun urang sadayana. Anu dipalar, barudak mung maca bari *puraga tamba kadengda*, tapi macana teh bari jeung dibarengan ku resep. Ayana karesep kana maca baris nganteur kana sikepna jadi saregep, jeung tangtu nu dibacana oge bakal nyerep.

Ceuk Dr. Heinrich Hoffman dina *Perkembangan Lektur untuk Anak-anak di Indonesia*, netelakeun yen bahan bacaan lektur (sastra) anu dibaca ku barudak kudu mibanda ajen atikan anu euyeub ku pituduh sareng pituah. Anu ceuk D. Daalder mah diibaratkeun “obat cacing nu ngandung gula”

Barudak umur 6-9 taun: sajaba ti dongeng, dipidangkeun oge bacaan anu lalakonna basajan, anu mibanda ajen moral jeung ajen bebeneran. Utamana keur barudak lalaki sajaba ti dongeng teh, dipidangkeun oge carita anu realistik, bari diwuwuuh ku rupa-rupa hal-hal anu pikalucueun, araraheng; atawa carita anu ngagambarkeun lalampahan ngalalana (patualang), pikategangeun, pikaseremeun, jeung sikep kapahlawanan anu matak nimbulkeun rasa reueus kana dirina. Maju ka rumaja dipidangkeun carita anu ngalalakonkeun saperti ngabongkar rusiah-rusiah, kasus rajapati, maluruh harta karun, sarta ahirna eta para penjahatna kabuka kedokna ku marurangkalih yuswa 12 – 14 taun. Pikeun barudak awewe: salian ti dongeng, anu baris ngirut karep pikeun maca nya eta carita anu ngagambarkeun pait-peuheurna kahirupan kulawarga; Maju ka rumaja baris kairut ku carita anu ngagambarkeun pangalaman katresna ati anu munggaran.

Pasaratan bacaeun barudak anu ditataan di luhur teh sabenerna mah geus nyampak dina buku-buku anu aya mangsa kiwari, di antarana wae Si Donca/Yus Rusyana, Bentang Lapang/RAF, Torotot Heong/Ki Umbara, Di Pipir Tajug/Min Resmana, Aker Dangse/Wahyu Wibisana, Budak Jadi Manuk/Akub Sumarna, Beda tina Sangkaan/K.M.Uun, Budak Teuneung/Samsudi, Manuk Hiber ku Jangjangna/Suratmi Sudir, Cupu Manik/Taufik Faturihman, Miang jeung Kaludeung/Tatang Sumarsono, Goong Siluman/Darpan Ariawinangun, sareng anu sanes-sanesna.

Kantenan upama dipidangkeunana diwuwuhan ku rupa-rupa gambar, tangtu baris ngirut karep barudak pikeun maca. Malahan mah teu pamohalan dipidangkeun dina wangun saperti komik, dicitak dina kertas anu alus, jeung gambar jilidna endah. Sangkan barudak kakara ningali gambar jilidna oge geus ngahudangkeun imajinasina kana eusi atawa lalakon anu aya dina eta carita. Cindekna mah nimbulkeun ayana rasa kapanasaran barudak pikeun maca.

Salian ti ngaropea, oge peryogi aya lampah nyata ti sakabeh pihak pikeun ngawanohkeun eta buku, di antarana wae kudu aya gawe bareng antara penerbit jeung dinas atikan dina raraga ngadistribusikeun eta buku ka perpustakaan sakola salaku bahan pangdeudeul kana pangajaran basa sastra Sunda. Kudu ngahagalkeun ngayakeun kagiatan apresiasi sastra ka sakola anu dilaksanakeun ku cara gawe bareng antara pangarang, penerbit, guru, masarakat sacara individu anu haat kana kasundaan atawa lembaga anu aya patalina sareng kasundaan..

## **NGAROPEA DEUI AOSEUN MURANGKALIH**

Upami merhatoskeun buku-buku bacaan Sunda nu dipedalkeun sareng dipindo citak, nu diserat dina Lalayang Girimukti I perkawis Daftar Buku Sunda Taun 2001 yasana HW Setiawan, teu aya buku bacaan anu diancokeun kanggo aoseun murangkalih. Padahal, saleresna mah tos seueur penerbit anu medalkeun buku-buku bacaan aoseun murangkalih, upamina wae Pustaka Jaya, Rahmat Cijulang, Medal Agung, Geger Sunten, Tarate, Remaja Karya, Mangle Panglipur, sareng pamedal sanesna.

Seueur oge carios anu diserat dina majalah MANGLE, boh diserat ku murangkalih sareng rumaja boh ku pangarang anu parantos maneuh. Kitu oge dina media massa Sunda sanesna, sapertos dina GALURA, KUJANG, atanapi dina GIWANGKARA.

Malihan mah sasasih kapengker (Pebruari) majalah MANGLE tos ngaleler hadiah ka para pangarang anu janten pinunjul sayembara ngarang keur marulangkalih dina MANGLE ALIT sareng MANGLE RUMAJA dina raraga ngareuah-reuah milangkala MANGLE anu ka-44 taun.

Sataun anu tos kalangkung LBSS oge ngaleler hadiah ka pangarang murangkalih tingkat sakola dasar sareng rumaja tingkat sakola menengah. Kaayaan sapertos kitu teh saleresna mah mangrupi kamajengan nambah euyeubna kana perkawis bahan bacaan anu diserat dina basa Sunda.

Upami dibandingkeun sareng basa daerah sanesna, dugi ka danget kiwari bahan bacaan anu diserat dina basa daerah teh langkung seueur keneh dina basa Sunda. Nya kitu deui perkawis majalah sareng surat kabar anu diserat dina basa daerah, teu acan kantenan di daerah sanes mah aya sareng rempeg sapertos anu diserat dina basa Sunda. Kantenan ku ayana rupi-rupi hadiah ka para pangarang pinunjul nu didugikeun ku sawatara pihak anu haat kana kamekaran basa jeung sastra Sunda boh nu sipatna individual boh sacara lembaga, matak janten panyirikan urang daerah sanes, margi teu ngahagalkeun sapertos di urang.

Ayana panalingaan anu daria ti sawatara pihak, sapertos redaksi surat kabar, tabloid, majalah, sareng para pamedal buku aoseun murangkalih dipiharep baris ngaronjatkeun karep sareng pangaresepna kana maca.

Sacara normative, hal ieu luyu sareng tujuan pangajaran kaparigelan basa nu aya dina GBPP Basa Sunda 1994, di antawisna “siswa mampuh narima informasi

ngeunaan rupa-rupa hal sacara lisan jeung tinulis tina rupi-rupi sumber; siswa mampuh ngungkabkeun gagasan, pamanggih, jeung pangalamanana sacara lisan jeung tinulis.

Husus dina kamaheran maca, di antawisna wae miharep sangkan siswa mampuh maham eusi bacaan tina rupa-rupa wangun tulisan; jeung siswa meunang kasugemaan jeung mangpaat tina hasil maca karya sastra”.

Eta tujuan pangajaran kamaheran maca di luhur teh moal tiasa kahontal saupami henteu dideudeul ku sarana bahan bacaan. Hal ieu tangtos baris janten patarosan urang sadayana. Naha tos dianggap cekap ku pedalan buku anu tos aya sareng teu peryogi deui dipindo cetak? Mung anu tangtos mah eta buku-buku aoseun murangkalih teh kalintang peryogina kanggo ngajembaran bahan pangajaran basa jeung sastra Sunda di sakola. Utamana di sakola dasar.

Peryogi kauninga, teu sakedik guru anu ngangluh wireh teu disayogikeun buku-buku aoseun murangkalih di perpustakaan sakolana. Ieu teh sanes wae kaalaman ku guru anu ngawarulang di daerah anu tebih ti kota, malihan mah guru anu ngawulang di kota oge karagungan masalah anu sami.

Nanging di kota mah aya onjoyna, rata-rata murid teh ngagaraduhan buku teks sewang-sewangan. Ari di padesaan nu tebih di kota, bujeng-bujeng muridna, guruna ku anjeun oge teu langka anu kagungan buku anu dijantenkeun babon dina pangajaran basa Sunda. Pangalaman waktos sasih kapengker (Pebruari) simkuring sareng mahasiswa Jurusan Pendidikan bahasa jeung sastra Sunda FPBS UPI nuju ngalaksanakeun bakti sosial ka masarakat nu pernahna di Kacamatan Cibedug Gunung Halu Kabupaten Bandung. Estuning...

Kumaha atuh tarekah urang supados sawatara bangbaluh dina kagiatan diajarngajar basa Sunda di sakola teh tiasa kaungkulon. Sareng mung teu ukur janten wacana publik, nanging kedah sareng prakna ngeprak wadia balad anu ageung raga katineungna kana basa katut sastra Sunda. Naha ku cara nepungan ka sakola, teras ningali perpustakaanana, maluruh buku naon wae anu aya pikeun ngarojong pangajaran basa Sunda. Margi kiwari dunya atikan tos waktosna nampi pangdeudeul ti sagala pihak, teu kawatesanan mung dikokolakeun ku lembaga atikan wungkul. Prung ... ah.

Patalina sareng bahan bacaan aoseun murangkalih sakola dasar, tangtosna oge janten emutaneun urang sadayana. Anu dipalar, murangkalih sakola dasar teu

mung maos bari *puraga tamba kadengda*, nanging maosna teh disarengan ku resep. Ayana karesep kana maos, tangtosna oge sikepna teh baris saregep, sareng nu diaosna oge tangtos nyerep.

Numutkeun Dr. Heinrich Hoffman dina *Perkembangan Lektur untuk Anak-anak di Indonesia*, netelakeun yen bahan bacaan lektur (sastra) anu mibanda ajen atikan kedah euyeub ku pituduh sareng pituah. Anu ku D. Daalder mah diibaratkeun “obat cacing nu ngandung gula”

Umumna murangkalih yuswa 6-9 taun: sajabi ti dongeng, dipidangkeun oge carios anu lalakonna basajan, anu mibanda ajen moral sareng bebeneran. Kanggo pameget: sajabi ti dongeng teh, dipidangkeun oge carios anu realistik, kantenan diwuwuhan ku rupi-rupi hal-hal anu pikalucueun, araraheng; atanapi carios lalampahan ngalalana (petualang) anu pikategangeun, pikaseremeun, sareng sipat kapahlawan anu pikareueuseun; majeng rumaja dipaparin carios anu ngalalakonkeun sapertos ngabongkar rusiah-rusiah, kasus rajapati, maluruh harta karun, anu para penjahatna kabuka kedokna ku marurangkalih yuswa 12 – 14 taun. Kanggo istri: sajabi ti dongeng, anu baris ngirut karep kanggo maos nya eta carios anu ngagambarkeun pait-peuheurna kahirupan kulawarga; Majeng rumaja baris kairut ku carita anu ngagambarkeun pangalaman katresna ati anu munggaran. Umumna murangkalih yuswa 6-9 taun: sajabi ti dongeng, dipidangkeun oge carios anu lalakonna basajan, anu mibanda ajen moral sareng bebeneran.

Pasaratan aoseun murangkalih anu ditataan di luhur teh sayaktosna mah tos nyampak dina buku-buku anu aya danget kiwari, di antawisna wae Si Donca/Yus Rusyana, Bentang Lapang/RAF, Torotot Heong/Ki Umbara, Di Pipir Tajug/Min Resmana, Aker Dangse/Wahyu Wibisana, Budak Jadi Manuk/Akub Sumarna, Beda tina Sangkaan/K.M.Uun, Budak Teuneung/Samsudi, Manuk Hiber ku Jangjangna/Suratmi Sudir, Cupu Manik/Taufik Faturihman, Miang jeung Kaludeung/Tatang Sumarsono, Goong Siluman/Darpan Ariawinangun, sareng anu sanes-sanesna.

Kantenan upami dipidangkeunana diwuwuhan ku rupa-rupa gambar, tangtos baris ngirut murangkalih kanggo maos. Malih teu pamohalan dipidangkeun dina wangun sapertos komik, dicitak dina kertas anu sae, sareng gambar jilidna endah. Rupina, nembe ningali gambar jilidna oge tos ngahudangkeun imajinasina kana lalakon anu aya dina eta carita.

Jabi ti ngaropea, oge peryogi aya lampah nyata ti sadaya pihak pikeun ngawanohkeun eta buku, di antawisna wae kedah aya gawe bareng antara penerbit sareng dinas atikan dina raraga ngadistribusikeun eta buku ka perpustakaan sakola salaku bahan pangdeudeul kana pangajaran basa sastra Sunda. Kedah ngahagalkeun ngayakeun kagiatan apresiasi sastra ka sakola anu dilaksanakeun ku cara gawe bareng antawis pangarang, penerbit, guru, masarakat sacara individu anu haat kana kasundaan atanapi lembaga anu aya patalina sareng kasundaan..